



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN
WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO
Alamat : Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp: (0286)322386

PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) GASAL

TAHUN PELAJARAN 2024-2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : IX (Sembilan)

Hari/Tanggal :
Waktu :

- I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tanda ping (X) ana sawijining jawaban sing kok anggep bener !**

Wacan ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakon nomer 1-7

Anoman Dhuta

Dewi Shinta wis klakon diboyong dening Rahwana ya Dasamuka kang lunyu ilate menyang kraton ngalengkadiraja. Dewi Shinta dipapanake ing Taman Kaputren, Sang Dewi ora gelem mangan lan ngombe, mulane badane kuru aking, rambute dawa katon kaya gimbal amarga ora tau adus.

Salah sawijining dina , Ramawijaya saperlu golek sisik melik/mata-mata ngenani kaanane Dewi Shinta, kang diutus dadi dhuta yaiku kethek putih kang arane Anoman. Anoman wis dadi dhuta/ utusane Ramawijaya, mula banjur njujug menyang Kraton Ngalengka. Ing kono Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha, malah bisa ngaturake kalpika Sri Rama menyang Dewi Shinta. Sawise oleh sisik melik lan kaanan liyane, anoman ya kethek putih banjur bali. Nanging nalika arep pamit konangan para prajurit Ngalengkadiraja, lan dirangket nuli disowanake marang Rahwana. Dening Rahwana, Anoman kapatrapan paukuman yaiku bakal diobong ing alun-alun Ngalengka. Ngadhepi kahanan kaya mangkono, Rewandesta utawa Kapiseta tatag tanggon tanpa miris, tanpa grigig manahe. Ing batine kabeh perkara kang bener bakal pener lan perkara kangsalah bakal seleh. Iki minangka watak ksatriya kang patut ditiru. Ora grigik marang paukuman, nanging paukuman kang wedi marang bebener.

1. Kang kalakon mboyong Dewi Shinta menyang Kraton Ngalengka ?
 - A. Rahwana
 - B. Anoman
 - C. Ramawijaya
 - D. Dewi Trijatha
2. Ing lakon Wayang Anoman Duta, Kethek Anoman dadi Dutaning
 - A. Prabu Rama
 - B. Dewi Shinta
 - C. Raden Laksmana
 - D. Prabu Rahwana
3. Kepriye kahanan Dewi Shinta sawise diboyong menyang Kraton Ngalengka ? (pilih loro jawaban sing bener)
 - A. dhewekan ing Taman Kaputren
 - B. nalangsa banget uripe ing tangane mungsuh

- C. awake kuru aking, rambute gimbal, ora tau adus
- D. seneng banget amarga arep digarwa dening Rahwana
4. Anoman konangan wadya bala Rahwana, nuli dirangket lan kapatrapan ukuman arep di ...
ing alun-alun Ngalengka.
- A. siksa
- B. panah
- C. obong
- D. tombak
5. Andaran ing ngisor iki kang jumbuh karo isi wacan ing nduwur yaiku
- A. Anoman diutus saka raja Negara ngalengka
- B. Anoman diutus ngrangket wadyabalane Rahwana
- C. Dewi Trijata kasil ngarih-arih Dewi Shinta digarwa dening Rahwana
- D. Prabu Rama ngutus Anoman supoyo nggoleki sisik melike Dewi Shinta
6. Sawise kapethuk Dewi Shinta, Anoman banjur ngaturake *kalpika* marang Dewi Shinta.
Tembung kalpika tegese
- A. Ali-ali
- B. Gelang
- C. Kalung
- D. Anting-anting
7. Nalika ing Kraton Ngalengka Dewi Shinta ora gelem mangan lan ora gelem ngombe,
mulane badane *kuru aking*.
Tembung kuru aking tegese
- A. lemu banget
- B. gering banget
- C. prihatin banget
- D. nelangsa banget
8. Piwulang luhur kang bisa kapethik saka cerita Anoman Duta yaiku
- A. antenge pribadi
- B. sentosa ing tekad
- C. pintere tumindak
- D. setyane marang guru
9. Ing ngisor iki kang kalebu jinising *tembung aran* yaiku...(pilih loro jawaban sing bener)
- A. turu, nulis, maca
- B. buku, sepatu tas
- C. aku, kowe, sampean
- D. meja, kursi, laptop
10. Tembung kang sinebut kanggo mratelakake gunggunging barang diarani tembung
- A. kriya

- B. sifat
- C. wilangan
- D. ancer-ancer

11. Ora kaya buta Ngalengka liyane, Dewi Trijatha arupa *ayu lan alus bebudine*. Tembung ayu lan alus budine ing ukara kasebut minangka jinising tembung
- A. aran
 - B. sifat
 - C. kriya
 - D. pangilah
12. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake tembung kriya yaiku
- A. *Saiki* piwulangan bahasa jawa
 - B. *Sadurunge* jam 07.00 aku wis tekan sekolah
 - C. Aku lan kancaku sinau bareng *karo* maca buku
 - D. Saben dina aku *mangkat* gasik menyang sekolah
13. Serat wulangreh iku anggitane
- A. Susuhan Pakubuwana IV
 - B. Susuhan Pakubuwana V
 - C. Sultan Hamengkubuwana IV
 - D. Sultan Hamengkubuwana V
14. Kang kalebu paugeran tembang macapat yaiku(pilih loro jawaban kang bener)
- A. guru gatra
 - B. guru gatra, lan guru swara
 - C. guru swara, lan guru gatra
 - D. guru wilangan, lan guru lagu

Wacan kanggo mangsuli pitakon nomer 15-19

Angel temen ing jaman mangken,
 ingkang pantes kena ginuronan,
 akeh wong njaja ngilmune,
 lan arang ingkang manut,
 yen wong ngelmu ingkang netepi
 ing panggawene sarak,
 den arani luput nanging iya sesenengen,
 ora kena den uwor kareping janmi,
 papancene priyanga.

15. Pethilan tembang saka Serat Wulangreh kasebut kalebu tembang macapat
- A. Pangkur
 - B. Gambuh

- C. Kinanthi
- D. Dhandhanggula

16. “ora kena den uwor kareping janmi,” guru wilangan lan guru lagune yaiku
- A. 9i
 - B. 10i
 - C. 11i
 - D. 12i
17. Manut pada kasebut, angel temen golek wong kang kena
- A. ditiru
 - B. diguroni
 - C. dianut
 - D. dicecepi ngelmu
18. Ing jaman saiki akeh wong kang ... lan arang kang manut.
- A. njaja ngilmune
 - B. njaja kasugihane
 - C. pamer kaluhurane
 - D. pamer kapinterane
19. Tembung janmi ing pada kasebut padha karo
- A. guru
 - B. ngelmu
 - C. priyanga
 - D. janma/wong
20. Tembang macapat Dhandanggula isine bab
- A. tata carane golek guru
 - B. nindakake laku prihatin
 - C. cara ngendaleni hawa nafsu
 - D. tata carane nggayuh cita-cita
21. Watake tembang macapat dhandanggula yaiku
- A. aweh pitutur
 - B. galak, semanak
 - C. lucu, lan muntab
 - D. luwes, lan ngresapeake
22. Babagan kang kudu digatekake nalika nggancaraké tembang yaiku(pilih loro jawaban sing bener)
- A. negesi tembung-tembung sing angel
 - B. ngudari tetembungan kang arupa tembung sandi
 - C. saben sapada didadekake pirang-pirang paragraph
 - D. nggoleki paugeran tembang kang kaiket kanti ringkes

23. Sanajan saka keluarga wong ora duwe Sadewa ora tau kendhat anggone sinau, kepara malah entuk ringking siji. Dheweke duwe cita-cita pingin kuliah. Pak Prabu tansah menehi panjurung lan uga lurus ragat kanggo mbayar mlebu kuliah. Pak Prabu pancen wong tua kang tansah menehi panjurung marang wong enom kang duwe pepinginan luhur kaya paribasan
- ana catur mungkur
 - tut wuri handayani
 - urat madhep ati karep
 - rawe-rawe rantas malang-malang putung
24. Widiya kae kaya cah bingung, angger lunga metu cedhak wae wis dioyak-oyak wong amarga kerep ngapusi, luwih-luwih yen lunga pasar, atine tansah ketar-ketir tansah kwatir. Bebasane yaiku
- aji godhong jati garing
 - nututi layangan pedhot
 - ancik-ancik pucuking eri
 - wenehi ati ngrogoh rempela
25. Tegese “becik ketitik, ala ketara.”
- gelem kepenake thok
 - elek karo apik pada bae
 - sing becik bakal tinemu sing ala bakal ketara
 - wong duwe penggayuh kang mokal kecandake
26. Lesmana kae sanajan wong ora due lan ora pakra ananging pinter, mula akeh sing mara takon marang dheweke. Kahanan mengkana salokane yaiku
- Kebo nusu gudel
 - Gajah ngidak rapah
 - Bathok bolu isi madu
 - Cebol nggayuh lintang
27. Paraga figuran yaiku paraga kang ora akeh perane nalika nindakake sandiwara, diarani paraga....
- antagonis
 - protagonis
 - tritagonis
 - pembantu
28. Unsur instrinsik Sandiwara yaiku (pilih loro jawaban sing bener)
- alur, tema, amanat
 - setting, watak, paraga
 - alur, kostum, kendaraan
 - lampu, tata panggung, prolog
29. Salah sawijining sarana kanggo menehi wewarah marang wong liya kanthi cara sesideman lan diwujudake ing sawijining pementasan diarani
- kethoprak
 - geguritan
 - sendra tari
 - sandhiwara

30. Struktur teks drama kang ngrakit perkara/masalah wiwit awal nganti akhir, diarani....
- A. tema
 - B. tokoh
 - C. amanat
 - D. plot/alur
31. Supaya mlaku kanti tertib drama iku ana balungan lakon utawa urut-urutan cerita pokok kang bakal dilakokake para paraga kang diarani....
- A. babag
 - B. adegan
 - C. skenario
 - D. ilustrasi

Wacan kanggo mangsuli pitakon nomer 32-33

Klenting kuning saben dinten nyambut damel ngresiki griya, ugi wonten sabin. Mboten ngraosaken kesel utawi Sayah, sinaosa piyambake dipun damel mboten sae kalia mbok randha klenting lan para sedherekipun. Klenting kuning menawa kalia putri kandungipun mbok randha klenting sanget dibentenakn katresnanipun, ananging piyambake pasrah dhumateng Gusti Allah ingkang badhe maringi ganjaran ingkang sae kagem piyambakipun

32. Miturut wacan ing ndhuwur, sifate mbok randha marang klenting kuning yaiku
- A. adil
 - B. sabar
 - C. pilih kasih
 - D. welas asih
33. Sanajan saben dinten nyambut damel abot lan dipun damel mboten sae kalia mbok randha ugi sedherekipun, klenting kuning tansah nrima, watake klenting kuning yaiku
- A. sabar
 - B. males
 - C. welas asih
 - D. andhap asor
34. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake ngoko alus yaiku (pilih loro jawaban sing bener)
- A. Bapak Tindak menyang solo nitih bis
 - B. Simbah sawek mirsani TV kalia ngunjuk teh
 - C. Pak Guru tindak menyang kelas ngasta buku
 - D. Mbak Siti lunga menyang pasar nggawa kranjang
35. "Nang, bapak ... kaca tingal ing nduwur meja!" Tembung kang mathuk kanggo ngisi cecek-cecek ing nduwur yaiku

- A. pundutna
- B. gawakna
- C. jukutna
- D. paringna

36. *Prasetya matur karo ibu menawa minggu ngarep arep kemah ing sekolahan.*

Ukara iku menawa diowahi nganggo basa krama inggil yaiku...

- A. Prasetya sanjang kaleh ibu menawa minggu ngarep badhe kemah teng sekolahan.
- B. Prasetya matur kaliyan ibu menawi minggu ngajeng badhe kemah ing sekolahan
- C. Prasetya ngendikan kaliyan ibu menawa minggu ngajeng badhe kemah ing sekolaha
- D. Prasetya sanjang kaliyan ibu menawa minggu ngajeng badhe kemah wonten sekolahan

37. Upacara-upacara tradisional kang dilakoni dening masyarakat, sifate turun tumurun lan ora ana ing tuntunan ajaran agama diarani ...

- A. upacara adat
- B. ajaran agama
- C. ajaran kejawen
- D. upacara kenegaraan

38. Upacara takon, lamaran, midodareni, ijab, panggih, lan boyongan ana gegayutane karo adat

- A. mijil
- B. mitoni
- C. manten
- D. kejawen

39. Upacara kanggo nylameti jabang bayi kang isih 7 wulan ana kandutane ibu kalebu....

- A. tingkeban
- B. tedak siten
- C. upacara kejawen
- D. upacara turun tumurun

40. Ngapati, mitoni, brokohan, mendhem ari-ari, puput puser ana gegayutane karo adat istiadat

- A. baretan
- B. manten
- C. tingkeban
- D. laire jabang bayi

Mitoni iku asale saka tembung pitu (7). Upacara adat iki diselenggara'ake wektu calonibu meteng 7 sasi, tujuane kanggo keslametan calon bayi lan ibune utawa kanggo sing sifate tolak bala. Neng dhaerah tinentu, upacara iki uga diarani tingkeban.

Rangkaian acara kanggo upacara mitoni iki luwih akeh tinimbang upacara ngupati, urutan-urutan yaiku siraman, nglebo'ake endhog pitik kampung neng jero kain calon ibu dening calon bapak, salin rasukan, brojolan (nglebo'ake kelapa gading enom), memutus lawe utawa lilitan

benang (janur), mecahake kendhil lan gayung, nyolong endhog lan terakhir kendhuren.

41. Upacara adat Tingkeban utawa mitoni ana ing kabudayan jawa nduweni ancas utawatujuan kanggo....
- A. nggolek kamulyan utawa kemuliaan
 - B. kanggo nggolek kabegjan
 - C. kanggo keslametan bayi lan ibune
 - D. kanggo wara-wara marang tangga
42. Urut-urutan upacara adat tingkeban miturut wacan ing ndhuwur yaiku ...
- A. kendhuren-nyolong janur-mecahake wajan lan gayung-mutusake lawe-nglebokake klapa gading-nglebokake endhog-salin rasukan - siraman,
 - B. siraman-nglebokake endhog-salin rasukan -nglebokake klapa gading-mutus tali lawe-mecahake wajan lan gayung-nyolong endhog lan kendhuren.
 - C. nglebokake klapa gading-mutus tali lawe-mecahake wajan lan gayung-nyolong endhog lan kendhuren.
 - D. siraman-ganti rasukan-nyolong endhog-nglebokake klapa gading-kendhuren-motong tali lawe mecahake wajan lan Loyang.
43. Sadurunge mlebu ing ruangan Fatimah nothok lawang lan uluk salam, nemoni guru sing paling cedak lawang lan atur urmat, banjur ngaturake keperluanane. Jumbuh karo etika mlebu ing
- A. kelas
 - B. kantor
 - C. ruang guru
 - D. perpustakaan
44. Kang becik ditindakake nalika matur karo guru yaiku (pilih loro jawaban sing bener)
- A. sikep tegak, astane ngapurancang
 - B. astane slaweran, mripate pendirangan
 - C. sikep tegak, mripate nyawang ning ngarep
 - D. matur karo menga-menga, mripate plirak plirik
45. Aksara Jawa cacae ana
- A. 
 - B. 
 - C. 
 - D. 

46. saiki aku kelas 9. Menawa ditulis nganggo aksara jawa yaiku

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

47. Pilih panulisan angka jawa kang bener miturut paugerane....

- A. || 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 || : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓
- B. || 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓
- C. || 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓
- D. || 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓

48. Gatekna aksara lan angka jawa ing ngisor iki!

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

Wacane aksara lan angka jawa kasebut, yaiku

- A. cacae ana 16 kelas.
- B. cacae ana 17 kelas.
- C. cacae ana 18 kelas.
- D. cacae ana 19 kelas.

49. Gatekna aksara lan angka jawa ing ngisor iki!

|| 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 : 𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓 ||

Wacane aksara lan angka Jawa ing dhuwur, yaiku

- A. tahun 2023 aku ujian madrasah.
- B. tahun 2024 aku ujian madrasah.
- C. tahun 2025 aku ujian madrasah.
- D. tahun 2026 aku ujian madrasah.

50. Gatekna angka jawa ing ngisor iki!

𑀓𑀲𑀭𑀸𑀓

Angka Jawa ing dhuwur wacane

- A. 2023
- B. 2024
- C. 3025
- D. 3026